

# PPG, Bonus Démografi & Sasalad Covid-19

Ku Dr. H. Tatang Ibrahim, M. Pd\*)

**N**epi ka kiwari, sasalad Covid-19 teu daék baé eureun, mingkin maceuh (malahan cenah geus aya deui sasalad anyar ngarana Delta ti India, leuwih matih batan Covid-19). Ti saprak PPKM (Pemberlakuan Pembatasan Kegiatan Masyarakat) darurat nu dimimitian 3 Juli 2021, unggal poé aya baé nu tilar dunya alatan panyakit Covid-19. Mobil ambulans pasulih bulak balik mawaan layon boh ti rumah sakit atawa ti tempat lain (isolasi mandiri). Matak pantes kitu na mah pamaréntah nangguhkeun heula ibadah haji 2020 – 2021. Nyakitu deui pamaréntah ngalarang kénéh sakola saperti biasa sabab bakal jadi ancaman pikeun kaséhatan boh para jamaah haji, kitu deui kaséhatan barudak sakola.

Pamaréntah geus béak déngkak ngupayakeun sangkan dunya atikan tetep lumangsung saperti biasa, sanajan paciweuh jeung sasalad Covid-19. Dalah dikumaha tetep dunya atikan kudu dijadikeun jangkar kamajuan budaya bangsa, sok komo bangsa Indonésia dikokolakeun bakal meunang émbok démografi, nu puncakna taun 2045.

Ceuk itungan dina taun 2045, bangsa urang moal aya deui nu bodo katotoloyoh, kabéh palalinter, malotékar, wanoh kana élmu pengetahuan jeung téknologi. Sabab rayat bangsa urang nu kiwari jumeneng kénéh (umuran genepuluhan kaluhur), diperkirakeun geus moal aya dikieunam, talilar dunya, diganti ku generasi nonoman nu ayeuna umuran 15-30 taunan (kacapangan sok dilandi generasi milénia téa). Hartina dina taun 2030-2040, jumlah warga nagara urang umuran 15-64 taun leuwih loba batan umuran nu karolat saluhureun 64 tahun. Jadi disimpulkeun yén 205 juta warga nagara Indonésia, produktif. Satiap taun teu kurang 2 juta warga nagara bakal asup pasaran kerja, mareunang pagawéan luyu jeung kaahlian.

Ceuk para pakar atikan deui, émbok démografi bangsa Indonesia bakal kahalangan, lamun bangsa urang soso-



soson dina ngalap élmu pangaweruhna, generasi nonoman giat garawéna, malotékar dialajarna, teu épés méér. Kitu deui élemén bangsa kabéh kompak, teu pagirang girang tampian, jauh tina pacéngkadan, éstuning tujuan buled hayang ngaronjatkeun dunya atikan. Sabab geus jadi rumus, mun dunya atikan maju, pasti bangsa urang bakal maju, sabalikna lamun dunya atikan mundur tangtu bangsa urang bakal bodo katotoloyoh téa, bakal loba katipu ku bangsa deungeun, kadituna jadi bangsa “tuturut munding”.

Conto leutikna, ku ayana vaksin Covid-19 nu di impor ti nagara deungeun (diantarana ti China), éta hiji ciri bangsa urang geus teu walakaya. Sasaladna ti Wuhan (China), éta obatna ogé ti China deui baé. Coba lamun bangsa urang palinter, motékar, soso-soson dialajarna, digarawéna giat, moal nepi ka meuli obat ti nagara deungeun, dijieun ku bangsa sorangan, padahal bahan baku obat-obatan kacida ngaleuyahna ti Sabang nepi ka Me-rauke, ti Miangas nepi ka Rote. Akibatna obat-obatan kudu dibeuli da moal gratis, “moal aya mumuluk isuk-isuk nu gratis”

Kukituna para ahli di nagara urang kudu khusyu, tekun ngulik élmu di widangna masing-masing, ulah pacorok kokod, ilmuwan tetep istiqomah dina

widang kaélmu. Kapan Bapa Présidén Joko Widodo sok nétélakeun ka urang sadaya, gawé-gawé-gawé. Gara-wé sing balég, sing bener, soso-soson, ulah karoropsi, ulah tipu-tipu jeung sajabana, sangkan naon ?, Éta téh sangkan bangsa urang maju, pinunjul dina sagala widang, ulah sagala ngimpor.

Prof. Syawal Gultom dina acara mekelan matéri ka para peserta Ujian (Ujian Kinerja) jeung Uji Kompetensi Mahasiswa Pendidikan Profési Guru (UKMPPG) taun 2021 di lingkungan Kemenag (12 Juli 2021) nu lumangsung sacara daring, nyebutkeun yén konci majuna nagara kudu dibangun ti dunya atikan heula.

Saterusna Gultom ngagambarkeun écés tur jentré, yén siswa nu pangonjoyna kudu dibina sangkan jadi mahasiswa pang onjoyna, nepi sarjana atikan nu pangalusna, terus diangkat jadi guru. Engké guru nu pangalusna, sina jadi pupuhu sakola/madrasah. Tah pupuhu sakola/madrasah nu pangalusna diangkat jadi pangawas (penilik). Pangawas nu pangmunculnya (tauladan) jadikeun Pupuhu Atikan tingkat Kabupaten/Kota Madya, malah sing nepi ka Provinsi.

Tapi kanyataan di nagara urang mah pan teu kitu, sawaréhna nu jadi guru téh pédah éta mahasiswa saméméh kuliah daftar heula ka paguron non guru. Geus teu katarima di paguron non guru, biasana ka paguron nu khusus nyitak guru, lila-lila jadi wéh guru, hartina éta mahasiswa pasésaan (?). Ngaran pasésaan téa, pasti ngajarna ogé moal maksimal, sabab saméméhna lain pilihan hayang jadi guru. Mun geus kieu kajadian, kumaha ?, moal boa Émbok Démografi ngan saukur ngimpi di tengah poé, komo deui bari ayeuna diganggu ku Sasalad Covid-19 ditambah sasalad Déltá nu karék jebul anyar pinanggih.

\*) *Dosén Prodi Manajemén Pendidikan Islam FTK UIN Sunan Gunung Djati Bandung, Dumuk di Ciamis*